



**NeMutungamiri
Henry B. Eyring**

Mutevedzeri Wekutanga muHutungamiri Hwekutanga

Izwi ralshe

Bhuku reDzidziso neZvibvumirano rinokoka vanhu vose kwose kwose kuti vanzwe izwi ralshe Jesu Kristu (ona D&Z 1:2, 4, 11, 34; 25:16). Rizerere nemashoko, neyambiro, nedzidziso Dzake, uye nerairo dzinokurudzira dzinopihwa nezvakazarurwa kumaporofita akasarudzwa. Munezvakarurwa izvi tinokwanisa kuona mapinduriro anokwanisa kuitwa naMwari minamoto yedu yerutendo nemashoko erairo, erunyararo, uye eyambiro.

Muminamoto yedu tinotsvaga kuziva izvo Mwari zvavanoda kuti tiite, izvo zvatnofanira kuita kuti tiwane runyararo nerufaro muupenyu huno nehunotevera, uye neizvo zviri mberi kwedu. Bhuku reDzidziso neZvibvumirano rizerere nemhinduro kumibvunzo yakadai inobvunzwa nevanhuwo zvavo uye nemaporofita mumunamoto wakaninipa. Rinokwanisa kuvanhangamiro yakakosha yekutidzidzisa matambiro ekuita mhinduro kumibvunzo pamusoro pamararamiro edu akanaka epanyama neruponeso rwekusingaperi rwedu.

Kuzvininipisa nerutendo munaIshe Jesu Kristu ndizvo zvinokosha. Oliver Cowdery akatambira mhinduro kubva kuna Ishe maererano nechido chake chekubatsira mukududzirwa kweBhuku raMormoni: “Rangarira kuti pasina rutendo hakuna chaungaite; nokudaro kumbira murutendo. Usatambe nezvinhu izvi; usakumbire icho chausingafanire” (D&Z 8:10).

Zvinodzokororwa kakawanda mubhuku reDzidziso neZvibvumirano kuti, Ishe vanoda rutendo nekuzvininipisa vasati Vapa rubatsiro Rwavo. Chikonzero chimwechete chaizvozvo ndechekuti mhinduro Dzavo

dzingangosauya nemunzira yatinotarisa. Uye hadzisi dzinogara dziri nyore kutambira.

Nhoroondo yeChechi nezvitiko zvemadzitateguru edu zvinoratidza huchokwadi uhwu. Sekuru vababa vangu Henry Eyring vakanamata nemwoyo wose kuti vazive zvavanofanira kuita apo pavakanzwa vhangeri rakadzorerwa richidzidziswa muna1855. Mhinduro yakauya muchiroto.

Vakarota kuti vakanga vakagara patafura naGosa Erastus Snow veChikwata cheVaapositori Gumi neVaviri uye nagosa vainzi William Brown. Gosa Snow vakadzidzisa misimbote yevhangeri kwenguva yakaratidzika kuva awa rimwechete. Zvino Gosa Snow vakazoti, “Muzita raJesu Kristu ndinokuraira kuti ubhabhatidzwe uye murume uyu [Gosa Brown] . . . vachakubhabhatidza.”¹ Mhuri yangu inotenda kuti Henry Eyring akavanerutendo nekuzvininipisa zvekuti abhabhatidzwe na7:30 mangwanani mugangwa remvura yekunaya muSt. Louis, Missouri, USA, naGosa Brown.

Mhinduro kumunamoto wake haina kuuya kubva kuna Ishe neizwi rinonzwika. Yakauya muchiratidzo nemuchiroto usiku, sezvayakaita kunaRihai (ona1 Nifai 8:2).

Ishe vakatidzidzisa kuti mhinduro dzinokwanisawo kuuya semanzwi. Mubhuku reDzidziso neZvibvumirano, Vakadzidzisa Oliver Cowdery vachiti, “Tarisa, ndichakuudza mupfungwa dzako nemumwoyo mako, neMweya Mutsvene, uyu uchauya pauri uye uyu uchagara mumwoyo mako” (D&Z 8:2).

Uye Vakakurudzira Oliver nenzira iyi: “Handina here kutaura runyararo kupfungwa dzako maererano

nezvenyaya iyi? Ungawane uchapupu hwakakura sei kupfuura hunobva kuna Mwari?” (D&Z 6:23).

Bhuku reDzidziso neZvibvumirano, Nhorroondo yeChechi, nenhoroondo yakachengetwa naHenry Eyring paushumiri hwake chinguva chidiki mushure merubhabhatidzo rwake zvakandidzidzisa kuti mhinduro dzinokwanisa kunzwickwa seyambiro uye serunyararo.

MunaKubvumbi 1857, Gosa Parley P. Pratt weChikwata cheVaapostori Gumi neVaviri vakapinda musangano mukuru munzvimbo umo mavakunzi iyezvino Oklahoma, USA. Henry Eyring akanyora kuti, “pfungwa dzaGosa Pratt dzakanga dzizere nemanzwiwo ezvakaipa zvingango-itika . . . , vasingakwanise kuona ramangwana kana nzira zvayo yekuzvitiza.”² Henry akanyora pasi nyaya inosuwisa pakarepo mushure mazvo yekupondwa kweMuapostori uyu. Gosa Pratt akanga aenderera mberi nerwendo rwake kunyange aive nemanzwiwo ekuva munjodzi, sezvakanga zvakaita Muporofita Joseph mukuenda kuCarthage.

Uchapupu hwangu kuti Ishe nguva dzose vano-pindura munamato wakaninipa werutendo. Bhuku reDzidziso neZvibvumirano nezvitiiko zvedu pachedu zvinotidzidzisa maziviro atingaita mhinduro idzodzo nekudzitambira murutendo, kunyange dziri nhungamiro, simbiso yechokwadi, kana yambiro. Ndinonamata kuti nguva dzose tichateerera kuti tinzwe nekuziva izwi rine rudo raIshe.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. “The Journal of Henry Eyring: 1835–1902” (Chinyorwa chisina kushambadzwa chakachengetwa nemunyori).
2. “The Journal of Henry Eyring: 1835–1902.”

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

1. Funga kuverenga pamwechete ndima dzepamusoro pemunamato dziri mushoko rino. Apo paunenge uchiverenga, kumbira nhengo dzemhuri kuti dzinyatso-teresa kumapinduriro anoitwa minamato naMwari. Funga kupupura nezvekukosha kwemunamato.

2. Bhuku reDzidziso neZvibvumirano rizere nemhinduro kumibvunzo yakabvunzwa nevanhu mumunamato. Ko dai mhinduro kumibvunzo yavo (zvazakarurwa) dzakanga dzisina kumbobvira dzanyorwa pasi? Kurudzira mhuri kuti vadzidze kuziva nekutevera kurudziro dzeMweya. Vangangoda kunyora pfungwa dzavo maererano nemunamato mumajenari avo.

VECHIDIKI

Kuteerera Kuti Unzwe Kurudziro

NaMaría Isabel Molina

Umwe usiku munin’ina wangu wemuhukama akatiza kubva kumba, saka ndakamhanya kuenda kunomutsvaga. Apo pandaityaira motokari, Ndakanamata kuti Mweya undibatsire. Ndaiziva kuti Mwari vaizopindura nekunditungamira, uye ndakaedza kuteerera kukurudziro yeMweya. Asi apo pandakanga ndisina kunzwa chinhu, ndakatanga kunzwa kunetseka uye ndikanzwa kuti Mweya wakanga usiri kundikurudzira.

Kunyange ndaida kuenda kure kure kunotsvaga, ndakanzwa kuti ndaifanira kuramba ndiri munharaunda yaiva padyo neimba yemunin’ina wangu uyu. Saka ndakasarudza kutyaira motokari ndichitenderera munharaunda imomo zvakare. Apo pandakamira pamhararano, ndakaona mumvuri wemusikana mudiki achifamba. Ndakanga ndamuwana munin’ina wangu uyu!

Apo pandakabuda mumotokari ndichimhanyira kwaari, ndakaziva kuti Mweya wanga uchinditugamirira nguva yese iyi nekundibatsira kunzwa kuti ndinofanira kuramba ndiri munharaunda imwecheteyo. Nokuti ndakanga ndichiteerera kuti ndinzwe izwi rakanyarara, ndakapotsa ndarega kuteerera kukurudziro yeMweya. Ndakazonzwisisa zvino kuti nguva zhinji hatizonzwa izwi, asi tinozonzwa pfungwa mumwoyo yedu.

Ndatenda zvikuru kuMweya wenhungamiro. Chokwadi Anogara Aripo! Sekutaura kunoita magwaro matsvene kuti, “ Mweya Mutsvene uchave mumwe wako nguva dzose” (D&Z 121:46).

Kana takakodzera nhungamiro yeMweya uye tichiteerera, tinokwanisa kuva midziyo mumaoko aMwari yekuitira zvakanaka vanhu vazhinji. Nekugara tiine ufambidzani hweMweya, tinozoziva nzira yatinofanira kuenda nayo.

VANA

Chiitiko Chinoshamisa cheMunamato

Mutungamiri Eyring vanodzidzisa kuti minamato inokwanisa kupindurwa munzira dzakawanda dzakasiyana. Unokwanisa kuva nechitiko chinoshamisa

uchinzvera magwaro matsvene kuti uwane dzimwe dzenzira idzodzo.

Tsvaga chinyorwa chitsvene chega chega chiri pazasi. Mujenari rako, nyora mazwi mashoma ekutsanangura zvinotaurwa nezvinyorwa zvitsvene izvi pamusoro pemhinduro kumunamato.

Unokwanisawo kunyora mujenari rako pamusoro

pezviitiko zvako pachako nekupindurwa kwaitwa minamato.

Johane 14:26

Dzidziso neZvibvumirano 6:22–23

Dzidziso neZvibvumirano 8:2

Dzidziso neZvibvumirano 9:8–9

Zvirevo 8:10–11



Rutendo • Mhuri
• Rubatsiro

Basa Reushumiri

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chive chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu.

Vatendi vaMazuva Ekupedzisira vanotumirwa “kuzoshanda mumunda wa[Ishe] wemizambiringwa kuitira ruponeso rwemweya yevanhu” (D&Z 138:56), uko kuno-sanganisira basa reushumiri. Hatifanire kuva nedaidzo yeushumiri yepamutemo kuti tigovere vhangeri. Vamwe vane upenyu hwavo hucharopafadzwa nevhangeri vakatitenderedza, uye apo patinozvigadzirira, Ishe vanozotichandisa. Vadzidzisi vekushanyirana vanokwanisa kutambira nemwoyo wose mabasa avo emweya uye vobatsira “kuunza kusafa neupenyu hwokusingaperi hwevanhu” (Mosesi 1:39).

Apo Muporofita Joseph Smith pakaronga Chita cheRubatsiro muna 1842, akataura kuti madzimai akanga asingafanire chete kuchengeta varombo asiwo kuponesa mweya.¹ Ichi ndicho chichiri chinangwa chedu.

“Ishe . . . Vanopa uchapupu hwechokwadi kune avo vanozogoverana nevamwe,” vakadaro Mutungamiri Dieter F. Uchtdorf, Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hwekutanga. “Pamusoro pazvo, Ishe vanotarisisira kuti nhengo dzeChechi Yavo ‘dzizarure [miromo yadzo] panguva dzose,

dzichitaura vhangeri [Ravo] nekufara’ (D&Z 28:16). . . . Dzimwe nguva chikwata chemazwi chimwechete cheuchapupu chinokwanisa kutangisa zviitiko zvinoshandura upenyu hwemumwe munhu zvekusingaperi.”²

Kubva muMagwaro Matsvene

Dzidziso neZvibvumirano
1:20–23; 18:15; 123:12

Kubva muNhorooondo Yedu

Nyaya yaOlga Kovářová wekwa-imbongi kuCzechoslovakia muenzaniso webasa reushumiri renhengo kubva munhorooondo yedu yeChita cheRubatsiro. Muna1970, Olga akanga ari mudzidzi wedhigiri repamusoro-soro (doctorate) uye aine nzara yeupenyu hwakadzamisa hwezvemweya. Akaona Otakar Vojkúvka aiva nemakore makumi masere nemashanu, aiva Mutendi waMazuva Ekupedzisira. “Airatidzika kwandiri sezera rake remakore makumi manomwe nemashanu asi mumwoyo make aivapedyo nemakore gumi nemasere uye azere nerufaro,” akataura. “Izvi zvakanga zvisingao- nekwe muCzechoslovakia panguva iyoyo yekushaiwa tariro.”

Olga akabvunza Otakar nemhuri yake mawaniro avakaita rufaro. Vakamusuma kune dzimwe nhengo dzeChechi uye vakamupa Bhuku raMormoni. Akariverenga nechido chikuru uye nenguva pfupi akabhabhatidzwa nekusimbiswa. Kubvira panguva iyoyo Olga akava kurudziro yezvakanaka munyika yehudzvinyiriri hwezvemato-ngerwo enyika nekutambudzwa kwezvechitendero. Akashanda semutungamiri weChita cheRubatsiro mubazi rake diki uye akabatsira kuponesa mweya yevamwe nekuvaunza kuna Kristu.³

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Ona *Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* (2007), 453.
2. Dieter F. Uchtdorf, “Waiting on the Road to Damascus,” *Liahona*, Chivabvu 2011, 76–77.
3. Ona *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 92–95.

Chii Chandingaite?

1. Ndinotevera here kurudziro dzeMweya Mutsvene apo pandinogoverana uchapupu hwangu nemasisita andinoshanyira?
2. Ndirikubatsira sei masisita andinotaririra kudzidza vhangeri?

Kuwana rumwe ruzivo, enda ku-www.reliefsociety.lds.org.